ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ НӨКИС РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ НУКУС ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

АҚМАНҒЫТ ПОСЁЛКАСЫ

№ 294/2-1 «28» «Февраль» 2018 жыл.

Нөкис районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003-жыл 31-январдағы 54-санлы қарары менен тастыйықланған «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Реже («Ўзбекистон Республикаси Ҳукумати қарорлар тўплами», 2003 йил, 1-2 сон, 17-модда)сине тийкар ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў комиссиясының 2018-жыл 8-январдағы 03-08/13-01/11-санлы мәжилис баянламасын басшылыққа алып, район аймағындағы барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н :

1.Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссия қурамы 1-қосымшаға, райондағы кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелердиң транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2.Районлық ишки ислер бөлиминиң жол ҳәрекети қәўипсизлиги бөлимшеси Б.Султанов, транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен сапалы өткериўди шөлкемлестирсин, «Ақманғыт агротехсервис» жуўапкершилиги шекленген жәмийети менен техникалық көриктен өткериў бойынша шәртнама дүзилгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режениң 1-бөлим 5-бәнтиниң «а» киши бәнтине тийкар, транспорт қуралларының техникалық көриги:

биринши мәрте 2018-жылдың 1 март – 30 июнь аралығында;

екинши мәрте 2018-жылдың 1 сентябрь -31 октябрь аралығында;

юридикалық тәреплерге қараслы болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2018-жылдың 1 март-30 июнь аралығында;

физикалық тәреплерге тийисли болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2018-жыл 1 январь 31 август аралығында өткерилиўи белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Райондағы барлық кәрхана, шөлкем, мәкеме ҳәм жәмийетлердиң баслықлары, есабындағы транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен сапалы өткериўге таярлаў илəжларын көрсин.

5. Райондағы барлық кәрхана, шөлкем, мәкеме ҳәм жәмийетлер меншигинде транспорт қураллары болған пуқаралар өз транспорт қуралларын белгиленген мүддетлерде мәжбүрий техникалық көриктен өткериўге, техникалық жақтан сазлығын ҳәм оларды жарамлы түринде алып келиўин тәмийинлесин.

6. «Ақманғыт таңы» газетасы бас редакторы А.Хожаназаровқа транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў басланғанлығын ҳәм өткериў барысын газета бетлеринде жәриялап барыў тапсырылсын.

7. Район ҳәкиминиң 2017-жыл 7-февраль күнги «Нөкис районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында»ғы 150/2-санлы («Ақманғыт таңы» газетасы, 2017-жыл 11-февраль, 3-4(4410-4411)-саны) шешими өз күшин жойытқан деп есапланысын.

8.Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары М.Узақбергеновқа ҳәм районлық ишки ислер бөлим баслығы С.Казбековқа жүкленсин.

9 Бул шешим районлық «Ақманғыт таңы» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди ҳәм ҳәкимликтиң веб-сайтында жәриялансын.

Нөкис районы ҳәкими **А.Сейтахов**

Нөкис районы хәкиминиң
2018-жыл «28» февраль күнги
294/2-1 санлы шешимине
1-қосымша

Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссия қурамы

1	Б.Султанов	Район ИИБ жол ҳәрекети қәўипсизлиги бөлим баслығы, комиссия баслығы
2	С. Нуратдинов	Район ҳәкиминиң қәнигеси, комиссия ағзасы
3	Сейтназаров Н	«Маҳалле» қайырқомлық жәмийетлик фонды Нөкис районлық бөлимшеси баслығы, комиссия ағзасы
4	А.Арзиев	Район жол хожалығы кесип алып ислеў, оңлаў, пайдаланыў кәрханасы баслығы, комиссия ағзасы
5	О.Аманбаев	Республикалық суў қорларын қорғаў бойынша мәмлекетлик инспекциясының Нөкис районы бойынша жетекши қәнигеси, комиссия ағзасы
6	Хожаназаров А	«Ақманғыт таңы» газетасы редакторы, комиссия ағзасы
7		«Камолот» жаслар жәмийетлик ҳәрекети Нөкис районлық Кеңеси баслығы, комиссия ағзасы

Нөкис районы ҳәкиминиң
2018-жыл «28» Февраль күнги
294-1 -санлы шешимине
2-косымша

Райондағы кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелердиң транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси

№	Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелердиң атлары	Техникалық көриктен өткериў күни, сәнеси, жылы	Техникалық көрик өткерилетуғын орын
1	Район ҳәкимияты	04.03.2018	Нөкис районы, Ақманғыт поселкасы орайы, «Ақманғыт агротехсервис» ЖШЖ техникалық көриктен өткериў имараты
2	Район Бәнтликке көмеклесиў орайы	05.03. 2018	
3	«Кердер» бәсекилес машина трактор парки ЖШЖ	12.03. 2018	
4	«Шортанбай-Уста» машина трактор парки ЖШЖ	15.03. 2018	
5	«Аллабай»-бәсекилес машина трактор парки ЖШЖ	19.03. 2018	
6	«Ақманғыт» бәсекилес машина трактор парки ЖШЖ	25.03. 2018	
7	«Дарсан» бәсекилес машина трактор парки ЖШЖ	27.03. 2018	
8	«Қутанкөл» бәсекилес машина трактор парки ЖШЖ	02.04. 2018	
9	«Уллы мәкан Нөкис» бәсекилес машина трактор парки ЖШЖ	04.04. 2018	
10	«Қатты-ағар» бәсекилес машина трактор парки ЖШЖ	07.04. 2018	
12	Арал бойы гидрогеология экспедициясы мәмлекетлик кәрханасы	11.04. 2018	
13	Ақманғыт суў тармақлары	14.04. 2018	
14	Аўыл хожалық химия аймақлық акционерлик жәмийети район филиалы	18.04. 2018	
15	Районлық аўыл ҳәм суў хожалық бөлими	24.04. 2018	
16	Районлық мәденият бөлими	25.04. 2018	

17	Районлық телекоммуникация тармағы	30.04. 2018	
18	Районлық мәмлекетлик ветеринария бөлими	02.05. 2018	
19	Ақманғыт агротехсервис ЖШЖ	05.05. 2018	
20	Районлық медицина бирлеспеси	10.05. 2018	
21	Районлық мәмлекетлик санитария эпидемиология бақлаў орайы	12.05. 2018	
22	Нөкис мәмлекетлик тоғай хожалығы	16.05. 2018	
23	Қарақалпақстан Республикасы Ден саўлықты сақлаў министрлигиниң 1- санлы арнаўлы медициналық амбарханасы	19.05. 2018	
24	Қарақалпақстан Республикасы лепрозория диспансери	23.05. 2018	
25	Районлық Абаданластырыў басқармасы	26.05.2018	
26	Районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы	27.05. 2018	
27	Дән ҳәм собықлы егинлерди илимий изертлеў институты Қарақалпақстан илимий тәжирийбе станциясы	30.05. 2018	
28	Қарақалпақстан Республикасы майыпларды реабилитация қылыў орайы	02.06. 2018	
29	«Рамуз» фермер хожалығы	04.06. 2018	
30	«Омар» фермер хожалығы	06.06. 2018	
31	«Дами-ата» фермер хожалығы	09.06. 2018	
32	Кердер санаат транспорт кәсип-өнер колледжи	11.06. 2018	
33	Қутанкөл агроэкономика кәсип-өнер колледжи	13.06. 2018	
34	«Сейит» фермер хожалығы	16.06. 2018	
35	«Сабыр» фермер хожалығы	18.06. 2018	
36	«Замир» фермер хожалығы	20.06. 2018	
37	«Мустакиллик» фермер хожалығы	23.06. 2018	
38	«Берекет» фермер хожалығы	24.06. 2018	
39	«Айжан» фермер хожалығы	25.06. 2018	
40	«Батыр» фермер хожалығы	27.06. 2018	
41	Район жол хожалығы кесип алып ислеў, оңлаў ҳәм пайдаланыў кәрханасы	29.06. 2018	
42	Жеке меншик автомототранспорт қураллары	01.01.2018 31.08.2018	